

You may use the template below to notify parents/guardians of their student's participation in the 2017-2018 FLKRS administration. Please customize this letter, as applicable, by modifying the red fields and placing the letter on school or district letterhead prior to sending. You may also use this language to post to your school or district website or distribute to parents/guardians via email.

Chè Paran/ Gadyen:

Bi lèt sa a se pou enfòme w yo pral evalye ptit ou a pandan premye 30 jou lekòl nan sèvi ak egzamen ‘Star Early Literacy®’ kòm nouvo “Florida Kindergarten-Readiness Screener (FLKRS)” (Egzamen Florid sou Preparasyon pou Jadandanfan). Rezulta egzamen sa yo bay enfòmasyon enpòtan sou preparasyon yon timoun pou lekòl, ede pwofesè devlope plan lesion pou satisfè bezwen endividiyèl chak timoun, e ofri paran enfòmasyon ki itil.

Star Early Literacy® se yon egzamen ki fèt sou òdinatè ki gen ladan 27 kesyon e ki pran 15 minit pou elèv jadandanfan fè l. Elèv ka itilize aparèy ak sourit, klavye, oubyen touch ekran pou reponn kesyon yo, ki di awotwwa sou òdinatè a e ki montre imaj senp. Pwofesè ptit ou a pral ba li tan pou pratike pou l vin abitye avèk fòma egzamen an anvan li patisipe nan egzamen ofisyèl FLKRS la.

Metòd egzamen FLKRS yo itilize a baze sou estanda pèfòmans yo apwouve pou itilizasyon nan Pwogram Edikasyon “Voluntary Prekindergarten (VPK)” (Klas Matènèl Volontè) a. Si w gen kesyon sou administrasyon egzamen FLKRS la, ou ka kontakte [**School Contact**] nan [**Contact Information**]. Pou plis enfòmasyon sou pwogram FLKRS la, silvouplè vizite paj FLKRS la sou sit Entènèt FDOE a nan <http://www.fl DOE.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/flkrs>.

Mèsi dèské w sipòte ptit ou a e lekòl li a pandan administrasyon egzamen sa a. Nou tout ap travay ansanm pou asire ptit ou a gen siksè nan eksperyans jadandanfan li a.

Sensèman,

[Principal’s Name]